

RETIRE RAPID (2023)

KISA RETIRE RAPID YE?

Retire rapid se yon pwosesis ki pèmèt ofisyèl imigrasyon yo depòte sèten moun soti Ozetazini rapidman san yo bay yo chans wè yon jij oswa yon avoka anvan yo depòte. Migran ki sijè a retire rapid dwe rete detni, e akoz pwosesis la deplase tèlman rapid, yo souvan pa ka jwenn konsèy legal anvan yo ekspilse. Nenpòt moun ki retire anba retire rapid entèdi Ozetazini pou 5 a 20 ane, oswa menm pou toutan, depann de sikostans yo.

Moun k ap chèche azil pa sipoze retire anba retire rapid, men Ladwàn ak Pwoteksyon Fwontyè (CBP) souvan pa trete yo kòrèkteman. Si yon migran nan detansyon pè pou retounen nan peyi yo, yo sipoze gen yon Entèvyou pou Krenti Kredib (CFI) kote ofisyèl imigrasyon yo deside si krenti migran an ase reyèl pou posib kalifye pou azil.

KI CHANJMAN YO PWOPAZE POU RETIRE RAPID?

Nan Janvye 2023, Administrasyon Biden an te anonse plan pou chanje itilizasyon retire rapid li.

CFIs nan Detansyon CBP

- Nan le pase, CFIs yo te fèt apre migran an te deplase soti nan detansyon CBP pou ale nan gad ICE.
- Administrasyon Biden kounye a ap planifie pou fè entèvyou sa yo pandan migran yo toujou nan detansyon CBP.

CFIs Rapid

- Administrasyon an gen entansyon bay CFIs bay migran yo nan kèk jou apre yo fin kenbe yo.
- Delè pi rapid la bay migran yo menm mwens tan pou konprann sa k ap pase epi prepare pou CFI yo.

KISA CHANJMAN SA YO VLE DI?

Chanjman pwopoze sa yo sanble anpil ak de politik Administrasyon Trump yo te konnen tankou PACR/HARP. Chanjman pwopoze Administrasyon Biden an **pral gen menm efè** sou migran yo tankou PACR/HARP.

KI EFÈ PACR/HARP TE GENYEN?

- Detansyon CBP konnen pou move kondisyon li yo. Li pa fèt pou kenbe moun pou plis pase kèk èdtan. **Anba PACR/HARP, migran yo te detni nan yon kote terib e yo te atann yo pou prepare pou yon CFI trè enpòtan.**
- Pèsonn, menm avoka yo, pa pèmèt antre pou wè moun yo nan detansyon CBP. **Migran k ap prepare pou CFIs nan detansyon CBP pa gen aksè a konsèy legal.**

- Kantite migran ki pase CFI yo te diminye anpil anba PACR/HARP. Anvan, apeprè 75% te pase. Avèk PACR/HARP, mwens pase 25% te pase. Rès la te ekspilse.
- Li ekstrèmman difisil pou yon migran prepare pou yon ka legal konplike poukонт yo, apre vwayaje nan yon nouvo peyi, nan jis yon jou oswa do. Epi li mechan pou fòse yo fè sa**

KONSÈY POU EVITE RETIRE RAPID

Si ou pè retounen nan peyi ou oswa si ou vle aplike pou azil, di klèman yon ofisyè imigrasyon.

- Sa pa ta dwe rive, men ofisyè imigrasyon an ka mete presyon sou ou pou w reprann aplikasyon ou pou antre Ozetazini oswa pou azil.
- Ou gen dwa pou aplike pou azil.

Si ou déjà Ozetazini e yon ofisyè imigrasyon panse ou ta dwe nan pwosesis sa a, ou ka oblige montre:

- ke ou te Ozetazini pou 2 ane oswa plis,
- ke ou te antre legalman Ozetazini, oswa
- te pèmèt antre Ozetazini.

**VIN JWENN EKIP LEGAL BAJI NAN WEBINÈ SOU AZIL CHAK DE SEMÈN! ESKANE KÒD QR LA OUBYEN VIN JWENN Nou Sou [HTTPS://BIT.LY/BAJIASYLUMCLINICS](https://bit.ly/BAJIAsylumClinics).
IMÈL JUHARAH@BAJI.ORG POU DAT AK LÈ.**

